

NÒT: Sa se yon tradiksyon an Kreyòl. Dokiman orijinal la te an angle. Si gen yon dekalay, itilize dokiman orijinal la.

Nouvo pwomès ki soti nan Washington pou Ayiti etan manda Prezidan ansasinen an bout.
Lendi| Opinyon

KRISTINA FRIED, INSTITUTE FOR JUSTICE AND DEMOCRACY (ENSTITI POU JISTIS AK DEMOKRASI)

MIZAJOU 06 FEVRIYE, 2022 8:05 PM

Angajman gouvènman Biden lan ki fè konnen li p ap chwazi “moun ki genyen ak moun ki pèdi” ankò nan peyi dAyiti ka fè fas ak yon tes senserite lendi.

Etazini te chwazi aktyèl “moun ki genyen yo” lè li apiye pati koronpi ak represif ki sou pouvwa a, Pati Ayisyen Tèt Kale (PHTK), pandan plis pase dizan.

Sepandan yon inisyativ nan sosyete sivil la pou ranplase PHTK avèk yon gouvènman tranzisyon jou ki 7 fevriye – jou fen manda Prezidan ansasinen an Jovenel Moïse, ki te nonmen Premye Minis aktyèl la, Ariel Henry – ka revele degre volonte gouvènman an genyen pou l kore pwomès li yo avèk veritab aksyon.

Nan mwa jiyè, “Core Group” la, ki sou lobedyans Etazini, efektivman enstale Henry, yon otorite enpòtan nan gouvènman PHTK anvan an, kòm Premye Minis atravè yon nòt pou laprès – malgre pa t gen okenn pwosesis ayisyen pou sipòte aksyon sa a. Depi lè sa, Henry ap dirije pandan ke chapant demokrasi peyi a kontinye ap demantle.

Sosyete sivil Ayiti a ap mete ansanm pou reklame demokrasi li a depi byen anvan Henry te enstale. Menm jan Anvwaye Espesyal Depatman Leta Etazini a Daniel Foote te ekri nan lèt demisyon li an nan mwa septanm, ayisyen mande pou Etazini sispann « favorize kandida epi fè yo tounen poupetwèl », espesyalman sipò tennfas yo bay Henry ak tout vye antant politik, olye yo apiye yon « lòt akò ki pi global ke sosyete sivil la te pwopoze anvan. »

Akò ki pi global la se travay *Komisyon pou yon solisyon ant ayisyen pou kriz la*, ki depi yon lane ap travay pou retabli klima demokrasi an Ayiti atravè yon gouvènman enterimè kredib ki ka ranplase pati kowonpi PHTK a.

Akò sa a etabli yon Kolèj Prezidansyèl k ap gen senk manm ladan l ansanm avèk yon Konsèy Tranzisyon Nasyonal k ap genyen ladan l reprezantan sektè kle nan sosyete ayisyen an, ki te vote yon Prezidan ak yon Premye Minis 30 janvyè ki pral fè pati gouvènman tranzisyon yo pral konte sou li pou retabli gouvènans nòmal epi dirije bon jan eleksyon.

Akò sa a, ki mache chache patisipasyon tout sektè politik ak sosyal, se rezilta gwo patisipasyon ak konpwomi – tou dènyèmman yo fè yon antant avèk yon gwoup aktè politik ki rele Pwotokòl Antant Nasyonal (Protocole d’Entente Nationale). Divès patisipan li yo sakrifye revandikasyon ki enpòtan pou yo kreye yon pwosesis ki aseptab pou tout moun, yo menm ofri youn nan plas Kolèj Prezidansyèl yo bay gouvènman an.

Altènatif prensipal pou akò sa se pou PHTK kontinye dominan, yon opsyon ki pa ka pote yon solisyon dirab pou tout kriz Ayiti ap travèse yo. PHTK pa t janm mennen yon eleksyon ki jis ni nan yon lè ki rezonab epi li favorize yon sitiyasyon ki sitire yon klima enpinite san rete, ki pèmèt gang yo fleri atravè enkonpetans ak koripsyon, pandan gouvènman an ap kore yo.

Etazini fè yon ralanti sou sipò l ap bay PHTK – li sijere PHTK chita pale avèk sosyete sivil la – men li toujou trete gouvènman ayisyen aktyèl la kòm si li pa ka pa la nan kèlkeswa antant pou tranzisyon. Sa fè Henry ak PHTK gen dwa poze veto sou kèlkeswa antant pou tranzisyon oswa gouvènman tranzisyon, ki pèmèt yo fè demann ki depaman ak akò a, pandan yo rete kwè sosyete sivil la dwe yo satisfaksyon oubyen Etazini riske sabote pwosesis la.

Sekretè Leta Adjwen pou Zafè Emisfè Lwès nan Depatman Leta Brian Nichols fè konprann sipò sa ap kontinye, pi lwen pase lendi ki te dat manda Prezidan Moise la te fini. Li dekrete “nan pwendvi jiridik, manda Premye Minis la pa mare ak manda Prezidan an.”

Ayisyen pa mande gouvènman Biden lan rache manyòk gouvènman PHTK. Yo jis vle politik Etazini a mache ansanm avèk pawòl l ap pale a – sa vle di kanpe sou kote epi kite sosyete sivil la mete presyon san pa gen foute men etranje.

Li difisil prevwa si Ayiti sou wout pou li rezoud kriz politik li a jou ki 7 fevriye a, oubyen lèt semèn oubyen lèt mwa. Men li klè lè Etazini retire men li nan balans lan, solisyon an ap vini pi vit.